


Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№1 (7193) 1 январь Рузман 2015 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ


## ЦIияб, 2016 сонгун, районцоял!



ХIурматиял районцоял!

Гьале сверана XXI гIасруялъул цойги сон, бегана нилъер гIумроялъул цойги тIамач, нилъеца дандчIвай гьабуна ЦIияб 2016 соналда.

Бигьаяб букIинчIо 2015 сон Россиялъулги Дагъистаналъулги гIадамазе, хасго нилъер районалда гIумру гьабулезе . Амма кидаго бигьаял гурел шартIазда гIумру гьабун ругьунал, яхI-намусалъул цIурал, тIаде бачIараб бакIаб къо бихьинчилъиялда хIехьезе кIолел, нилъер районалъул гIадамазда бажарана 20I5 соналъул магIишатиялги социалиялги суалал гIумроялде рахъинарун.

Нилъеца, районалъул гIемерисел гIадамаз бацIцIадаб ва тIадегIанаб къадруялда цIунун буго исламияб дин ва умумаз нилъехъе кьовухъе кьун буго гIун бачIунеб гIелалъухъе. ЦIияб соналде районалъул гIадамал рачIана цIиял хьулалгун ва анищалгун, букIинеселде щулияб рекIелчIейгун.

РакI-ракIалъ баркула, нужеда, тIаде щвараб ЦIияб – 20I6 сон! Гьарула щивасе сахлъи, рекъел, рес буголъи ва талихI. ТIадегIанав Аллагьасул баракат рештIаги щивасул рукъалда! ТIурайги щивасул рекIелъ ругел лъикIал къасдалгун мурадал.

Биччанте ЦIияб сон нилъер щивасе букIине рохалилаблъун, ургъел-балагьал рикIкIалъараблъун, ракълилаблъун ва талихIаблъун, тIолалго районалъул гIадамал цоцада ричIчIулеллъун, гьудул-гьалмагълъиялда рукIунеллъун, районалда цере чIарал масъалаби тIураялъе, гIадамазул гIумро-яшав лъикIлъиялъе гIоло киналго районцоял гъункулеблъун ва цолъулеблъун! ЦIияб сонгун, цIияб талихI-рохелгун, хIурматиял районцоял! Баркат-рахIматалъул цIураб батаги тIаде щвараб ЦIияб 20I6 сон киналго районалъул гIадамазе.

**ГIиса МухIамадович НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**

## ХIалхьиялда чIезе бегьуларо

(РДялъул МВДялъул министрасулгун дандчIвай)



Араб анкьалда «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул конференц-залалда букIана РДялъул жанисел ишазул министр ГIабдурашид МухIамадов ва РДялъул хIинкъи гьечIолъиялъул Советалъул секретарь МухIамад Бачиловги гIахьаллъараб данделъи. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал, Собраниялъул пред. К. Асадулаев, росабазул бутIрул, учреждениял-организациязул нухмалъулел.



Данделъи рагьана райадминистрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. КIалъана ГI. МухIамадов. Жиндирго кIалъаялда гьес бихьизабуна терроризмалде-экстремизмалде данде гьарулел хIалтIабазул аслиял рахъал, гьелъие гIиллаби лъазарун ругин ва гьеб лъугIизабиялъе гьарулел хIалтIаби хIисабалде росун ругин, тIадчIей гьабуна.

-Амма жеги районалда букIине кколеб бакIалде бахинабизе ккола антитерористическияб рахъалъ бакIарулеб информациялъул качество, гьабулеб хIалтIи. БакIалъул ихтияр цIунулезул органаз ва батIи-батIиял структурабаз жеги гIемераб хIалтIи гьабизе ккола гьеб рахъалъ, мисалияб хIалтIи гьеб рахъалъ гьабурал кIодо гьаризеги ккола.

Россиялъул регионазда данде босун Дагъистан гьедигIанго криминалияб гьечIо, такъсиразул рахъалъ гьеб ахирияб бакIалда буго, бугониги нилъеда квешаб цIар чIван буго, гьеб бахъизабиялъе гIоло хIалтIи гьабизе ккола,-ян тIаде жубана гьес. Гьединго МухIамадовас бихьизабуна дагьаб цебегIан гьабураб халгьабиялда райадминистрациялъул хIалтIулъ гIемерал ричча-рихъан теял ратанин, хIажат бугин гьел хехаб заманалда лъугIизаризе. Гьеб тIалаб гьабулеб буго нилъедасан республикаялъул БетIерасги.

(Ахир 4 гьумералда)

Лъик1 щвараб, ЦIияб сон, цIи-цIиял къасдал
ЦIакъ гIемерал ругин, гьал гIадамазул.
Дуца ракъаразе, чед гьарза гьабе,
Дуца къечаразе, лъим гьарза гьабе.
Дуца нухал рагье, ритIухълъиялъе,
Дуца сангарал къай, терроризмалъе.
Дуца рекъел цIуне, ругьназул цIураб,
ЦIаяз бухIулеб гьаб, дуниялалда!



# ЦIияб соналде рачIунаго



«Унсоколо район» МОялъул социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъ муниципалияб гIуцIиялъул территориялда хIалтIи гьабула социалияб рахъалъ, ай кIодолъарал, инвалидал, бесдалал, балагьизе чи гьечIого хутIарал лъимал, федералиял лъай кьеялъул учреждениязда цIалулел, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи ва инвалидал, захIматалъул ветеранал, тылалда хIалтIарал, лъимал гIемерал, цохIо жидецаго лъимал хьихьарал, политическиял репрессиязде ккарал, рагъулал ишазул ветеранал, рагъда хваразул ва тIад руссаразул хъизанал, фашизмаялъул заманалда саназде рахинчIеллъун рукIаразул, туснахъазул, радиациялъул авариязул ва балагьазул хIасилал лъугIизариялъе хIалтIаразул, рес кьотIарал гIадамазул. ЦIунула гьединал ва хвел букъиялъе социалияб пособия кьола.

Социалияб рахъалъ кумек гьабиялъе ноябрь моцIалде щвезегIан росун руго кинавниги 6.805 чи, хъизаназул членалгун I2,542 чи. Гьезие букIине кколеб къадаралда пособиялги чIезарун руго.

Гьединго РДялъул БетIерасул буюру хъалдалъун социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялдасан кьола лъимер гьабун хадуб кьолеб, I,5 сон гьелъ базегIан, гьелда хадуб хъулухъ гьабун, гьелъ I6 сон базегIан - пособиял. Гьел щолезул къадар бахуна 2 746 хъизаналде, жалго лъимал 5364 ялде. Гьел ишал щвалде щун тIуразариялъе кинабго хIалтIи гьабулеб буго гьабсагIаталда управлениялъ. РакI-ракIалъ баркула районалъул гIадамазда ЦIияб - 2016 сон!

**ГI. ХIАМЗАТОВ.**
**Социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъул начальникасул ишал тIуралев.**

# Иргадулаб данделъи

Араб анкьалда райадминистрациялда тIобитIана бакIалъулал администрациязул жавабиял гIадамалги ахIараб данделъи. Гьениб гьоркьоб лъун букIана ЗАГСалъ гражданазул актазул регистрация гьабиялъул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ суал. Данделъиялда кIалъазе яхъарай ЗАГСалъул отделалъул начальник ГI. ГIабдулбасировалъ бицана 20I5 соналда гьабураб хIалтIул ва тIасияб соналда цере чIарал масъалабазул. Жиндирго кIалъаялда гьелъ бихьизабуна районалда араб соналда демографиялъул хIал цо къадаралъ лъикIлъанин, гьединго цIикIкIанин ригьнаде лъугьунезул къадар,-абун. ТIадчIей гьабуна «МАИС ЗАГС» программа практикаялда хIалтIизабиялъул рахъалъ ругел хIасилазда ва гьеб рахъалъ ругел бергьенлъабазда ва гьеб рахъалъ нахъа хутIарал жавабиял хIалтIухъабиги рехсана гьелъ.

Данделъиялда кIалъазе рахъараз бицана гражданазул актазул регистрация гьабиялъул бутIаялда гьаризе ругел хIалтIаби камиллъизариялъул суалазда хурхун жидерго пикраби.

***Пресс-центр***

*ЦIатIанихъан хъвалеб буго*

# Улбул рази гьаруна

Дагьал церег1ан къоязда Ц1ат1анихъ росдал школалда к1одо гьабуна улбузда праздник. Гьенире рак1арун рук1ана ц1алдохъаби ва улбул. Баркизе рагIи кьуна гьитIичазе. Гьез эбелалъул хIакъалъулъ кучIдул рикIкIана, жидецаго квералъ гьарурал сайгъатал – открыткаби кьуна улбузе. Гьединго бихьизабуна жидерго махщел .

ТIобитIана гьитIичазул сурат бахъизе бугеб махщалил кон курсги. Щибаб классалда гьоркьоб тIобитIараб гьеб тадбиралъулъ тIоцересел бакIал щвана Р. МухIамадовалъе - 1 кл., Х. МухIамадовалъе-2 кл., З. МухIамадовалъе-3 кл., Х. Мусаевалъе - 4 кл.

Гьединго рихьизаруна 2 ва 3 бакIалги. ЦIалдохъаби лъикIго хIадурун ругоан классалъул нухмалъулез гьеб тадбиралде. Улбул разиго рукIана гьеб тадбиралдаса ва гьеб ана балагьаразе пайдаяб къагIидаялда.

* * *

Дагьал цереглан къоязда школалда букIана хIалуцараб ахIвал-хIал. 7-11 классазда гьоркьоб тIобитIулеб букIана «Эбелалъул къо» кIодо гьабун торгIо хIаялъул къецал. Къецазда гIахьаллъи гьабуна 5 командаялъ. Гьелъие гIураб хIадурлъи гьабун букIана школалъул физкультураялъул учитель МахIач МухIамадовас. ХIалуцарал хIаяздаса хадуб I бакIалъе мустахIикълъана I0 классалъул цIалдохъаби. Гьезие щвана тIоцебесеб бакIги. Гьездаса дагьго нахъе ккараб 9 классалъе щвана 2 бакI. Амма балагьаразе бищунго бокьана 7 классалъул хIай. Къецазул хIасилалги гьарун гьезие кьуна грамотаби. Гьединал тадбирал школада гIемер тIоритIула.

* * *

ЦIатIанихъ школалда тIобит1ана герб ургъиялъе конкурс. Тема бук1ана «Сундулъ бугеб халкъалъул гъунки?»,-абураб.

Лъималазул щибаб сураталъулъ букIана цо хасаб хаслъи, росдал гIадамазул магIишат гIуцIиялъул, школалъул г1умроялъул ва цогидабги. Масала, гербалда тIехь гъотIол кьалбазда лъун ва цогидабги лъималазул фантазиялда гIажаиблъи гьабулеб букIана балагьараз.

Конкурсалда тIоцебесеб бакI щвана гIисиназда гьоркьоб. Х. МухIамадовалъе, М. Жамалудиновалъе, Ш. МухIамадхановалъе, З. МухIамадовалъе.

ЧIахIиял классазда гьоркьоб жидерго камилаб махщел букIин загьир гьабуна – «Герб села», «Герб класса» конкурсалда. Росдал ва школалъул гербал рахъиялда тIоцересел бакIал щвана П. МухIамадхановалъе, М. Дайитбеговалъе, бакIал щваразе кьуна грамотаби.

**А. ЖАМАЛУДИНОВА.**
**ЦIатIанихъ росу.**

# ЦIорол Дадал баркиял ва гьудуллъиялъул шаржал

***«МОялъул Администрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасухъе***

Цо ккураб хIал гьечIеб гьаб дунялалда
ТIолго захIмалъаби тIуран кIочон тун,
Бокьун буго, Дуе, тIолго ракI-ракIалъ
ЦIияб сонги баркун, сахлъи гьаризе.
ЦIияб гIумроялъе нухал лъун руго
РакI гьанцIараб араб, рикIкIад хутIана,
Доб тIад буссунгеги, гIумро чIахьаги
МустахIикъаб кьерде, район бачIаги!
Рии-их битIаги, хур цIун бачIаги
Рахь хIалтIизабизе щивав ургьаги,
Меседил кверазул махщел цIилъаги
ЦIидасан ракьалда, нилъер цIар аги!

***Лъай кьеялъул управлениялъул нач. Л. МухIамадгIалиевасухъе***

ГIумро чвахулеб буго
Авар гIурул хехлъигун,
ВатIан хисулеб буго
Пашманаб араб кIочон.
ГIолеб гIел куцаялъе
Кинабго гьабулелъул,
Гьезул букIинеселъул
ЧIолохъжо, нужехъ буго.
Баркула ЦIияб сонги
Сахлъи коллективалъе,
ТалихI-рохелалъ гуреб
Нужер квер босугеги!

**Росабазул бутIрузухъе**

Дунялалда бугеб ахIвал-хIал цIехон
Росабалъ къанцIулел рахIмудал нухал,
Щивас жидецаго гIумро гьабизе
ГIакълаби малъулеб, руцIухIун рукIин.
Кинан бугониги ккарабги гьабун
Нухмалъи бачунел, нилъер гьал бутIрул,
БоцIиги хурзалги кверзукь ругони
Аллагьас цIунила, нужгун росаби.

***Казначействалъул нухмалъулев М. МухIамадовасухъе.***

ГIарцул кризисги, сунеб кумекги
Кинго ахир гьечIеб, документ-къедги,
Рагъул ахIвал-хIалалъ кколеб улкаги
ГIумро цIуниялъе, кьолел шагьаби!
Заман хисаниги цо нуж хисуге
ГьечIого рес гьечIел, хважаинзаби
ЦIияб сонги баркун, талихIги гьарун
Борхизин цоги лълъар, сахлъи нужей,-ян.

***Районазда гьоркьосеб почтамталъул нухмалъулев М-С. ГьазимухIамадовасухъе***

«Почтовой кагътазде» керенги чучун
Чанги арал къоял нилъер халкъалъул,
Гьелъул хъулухъалги бағьалъун ругин
Тел кьабун хьвадилищ, кивего щвезе.
Почта босулаго цIикIкIараб багьа
Гьеб битIулеб мехалъ жегиги багьа,
Халкъалъул кусбузда кIутIулеб багьа
КIоларебищ, гьалмагъ, хисизабизе?!
КIудияб коллектив, мугIрул районал
ХIалтIи захIмат букIин, дида бичIчIула,
Тавпикъ кьейги, нужей, ахIвал-хIал бичIчIун
ХIалтIиги бачине къоги хIехьезе.

***Полициялъул отделалъул нухмалъулев М. МухIамадовасухъе***

Сангаралъул хIал лъала
ХIабургъараб ихх щведал,
Инсанасул лъикIлъаби
Къо тIаде щун бичIчIула.
Тавпикъ кьеги ЦIияб сон
Тартибалда бачине,
БитIарабги тIекъабги
БатIа бахъун хIалтIизе.

***Росдал магIишаталъул управлениялъул нач. Ж. Якъубовасухъе***

Кин бугеб халкъалъе кумекал гьари
Росдал магIишат ккун, садакъаби кьей,
Кидаго харжалги бук1унарелъул,
МагIишат гIуцIизе гIадамал тIами?
МугIрул борхалъуда гIиги лъечIони
ГIурул рагIалазда ахги лъечIони,
Кинаб къисмат бугеб, нилъеда цебе
Дуца хIисабалде босун бугищ гьеб?



# Поэзиялъул гъумер





*ТIалх1ат АХЪБЕРДИЕВ*
*Россиялъул журналистазул союзалъул член, врач*

## Роджеп Эрдоганихъе - рагьараб кагъат

Туркаца гурищ доб
Араб гIасруялъ
Армянал гъурарал
ВахIшияб куцалъ.
Дагъистаналда тIад
«ГIадлу» гьабизе
Нужги гурищ щварал
Нажмудинихъе.
Рагъул заманаялъ
Гитлерил рахъ ккун,
Рагъизе гурищ нуж
ХIадур рукIарал?
Доба Кореялъул
Ракьалда жаниб
Рагъ-кьал гьалаглъараб
Заманаялда.
Нужер доб бригада
Гурищ багъараб,
Американлъул
Аскаргун цадахъ!?

* * *

Союзниказ гьусун
Дуца Россия,
Нахъасанги кьабун
Инжит гьабуна.
Дол террористазул
ГIуцIиги цIунун,
Мун гъоркьан хIалтIулев
Чи вукIун вуго.
Гьанлъе Сириялъул боевиказе
Ярагъ гурищ дуца
Биччалеб бугеб!?
Макруялъ Абамил
Кваркьиялда гъоркь
«Кутак» бихьизаби
БахIарчилъийищ?
Америкаялде
МугъчIвайги гьабун,
Россия чурхъизе
Хиялищ лъураб?
ЧIегIераб ракI бугел
Пачалихъалгун
«Роххел» бикьизейищ
Кьолон вукIарав?
НАТОялъул «гьунар»
Халкъалда лъазе
ГIищкъуялъ бетIерищ
Сверизабураб?
ТIолго дунялалда
СурунгутIизе
Гьерсазул къвачIайищ
КъачIан букIараб?
НахъегIанаб ишалъ
Бакъан данде ккун,
«Къадру» борхизейищ
Дур хиял лъураб?
Аб дунял гургинаб
Бугин абула
Цо хIалалъ чIолареб
ХIалхьи лъалареб,
Ворея Эрдоган,
Мун цIодорго чIа,
Щибго божи гьечIеб
Гьаб дунялалда!

## Дир гьудулзаби

Бице, нуж кир ругел, дир гьудулзаби
Дир гIолохъанлъидул чIагоял нугIзал,
ГIашура СалтIаса, Султа Хасавюрт
Хвел-рахъин цIехезе заман щун гьечIищ?
Бице, кIочон танищ дол гIанчIал къоял
Къойил цоцахъ хисун ретIунеб ретIел,
Ракъаралщинахъе цоцалъ дагIба бан
Цоцаде тIамулеб квен-тIехалъул иш.
Бице, нуж кир ругел, дир гьудулзаби
Дир гогьаб гIумрудул чIагоял нугIзал,
ЧIалгIун гьечIищ бице, гIолохъанлъидухъ
ГIедегIун тIерхьараб багIар бакъалъухъ.
Бице, нуж гIоданищ, гIадан гьечIелъур
ГIумрудул къваридал къоялги рачIун,
Къадар гьечIев гьудул нуха данде чIван
ЧIезе кканищ гьесухъ даим балагьун.
Балай бичIчIуларев гIолохъанчияс
Чанаре ахIанищ, рекIелгъеялъе?
Рокьул къимат гьечIев чаландарица
Лъунищ нужер рекIелъ, кIудияб ругъун?
Яги талихIалъул къвалакьеги ккун
Къадру-сси бугезул гъасдайищ ругел?
РакIалъ ахIанагIан лъималги гьарун,
ЛъикIал эбелаллъун рахъунищ ругел?

## КIарчамаб дур гьими бихьулеб гьечIо

Гордалищ къан ругел, бакъищ тIерхьараб,
Канлъи чIвалеб гьечIин гьаб дунялалъул.
Сордойищ бецIлъараб, моцIищ ссун араб
СихI къотIуда бугин къасдеги сордо.

НуцIайищ къосараб, къватIищ кIочараб
КIарчамаб дур релъи рагIулеб гьечIин,
Къутацайищ ккурав, къорикьищ ккарав,
Къирщи чIвалеб гьечIин дур чакмабазул.

Цогидав ханасул улка-ракьалда
Рокьул гъутIби чIолев регIунищ гьечIев?
Берцинщинал ясал къечон теларин
КъулгIа хIасраталъул балевищ вугев?

## Нух битIаги!

**Дагьал церегIан къояз нилъер районалъул бетIерлъун вищана Майданское росулъа НурмухIамадов ГIиса МухIамадович. Гьев хIалтIана Шамильхъала поселокалъул ЖКХялъул нухмалъулевлъун, хадув хIалтIулъ бугеб бажариги, хIаракатги бихьун вачана налоговияб инспекциялъул начальниклъун. НурмухIамадов вуго кIудиясул адаб лъалев, гIел бащадазулгун гьудуллъи кколев, лъикIав гIуцIарухъан. Гьев лъикIав инсанасул хIакъалъулъ абизе бокьун буго гьал хадусел рагIаби.**

Чармил кьуруялда гIамал релъарав
Кьурул кесекалъул халипа бугев,
Хасият бихьинав хьиндалазул вас
Бакъ сунгеги, ГIиса, сардилъги дуе.

ВатIанги хирияв, халкъги бокьулев
ЛъикIалда гурони тIад рекъоларев,
ГIузру бицун гIадан аскIов вачIани,
Мурадалги тIуран нуха тIамулев.

ЗахIматалъул чода чангит рехулев
Чармил кьуруялда газа кьабулев,
КьучIаб гIамалалъул гIадло кьвараравё
ГIадамазе бергьун кумек гьабулев.

БачIунеб гIелалъе гIумруялъул тIехь,
ГIужалда вачIана, мун бетIерлъуде,
ГIунгутIабаз цIураб гьаб районалъе
Ригьдаго анищ, мун, Аллагьас кьурав.

Районалъул халкъалъ дуда чIвараб мугъ
ЧIобого батанин абизе тоге,
ГIабдулатIиповас гьабураб выбор
Гьадингояб бугин гаргазе чIоге.

Нижер дуда щибго щаклъиги гьечIо
Щулиял дур квераз, кквела гьаб район,
Кинабниги хъублъи, хъантIи, кIарчанлъи
КIвела, ГIиса дуда, тIагIинабизе.

## ХъантIарай гьалмагъ



ГIарцуца гIорцIуларей
БоцIуца хIал ккоарей,
ХIал хъубаб гIамалалъул
ГIадан йикIун йиго, мун.

ХIеренаб каламалъул,
СихIираб гьимиялъул,
ХIилла-макродал цIурай
КъвачIа йикIун йиго, мун.

Дир рагIуде балагьун
ГIамал хисилин гуро,
Хиянатай мун яти
РекIее бак1лъун буго.

КигIанго бугониги
Гьари буго дир дуде,
Гьеб пишаги гIодоб тун
ГIадлоялда ячIаян.

ГIарцуца йорцаруге,
БоцIуца лъутIаруге,
Лъицаниги гьеб цадахъ
БихьичIин босун унеб.

*Суайбат ХIАМЗАТОВА*
*Шамильхъала поселок*

## Вилъа магIарухъе, авлахъалъул вац

Вилъа магIарухъе, авлахъалъул вац
Лъора зодихъ цIваби, цIалъун кенчIола.
Куркьбаз гьава хъвалхьун, мугIрул цIумаца
ЦIар нилъер ахIула, лъикI щваралилан.
Шамилица хвалчен лъалиниб лъураб,
Лъалхъила пашманго, Гъуни магIарда,
Ислам дин мухIканав Ярагъиясул
Зонохъ эхетила, урхъун салам кьун.
Рагъулъ гьунар тIокIал мюридзабаца
Гьал мугIрузда чIвана чIухIун байрахъал,
Бица черх белъарал, чорхолъ яхI бугез
Рачел борчухъ бараб къоло щуго сон.
Нилъер умумаца ирсалъе тараб
БахIарчилъиялда бан буго тIамах
Доле МохIоб росо, бахIарзал гIураб
Ункъго героясул, улбузул ватIан.
Гьале ТIолбоевал, ТIайгиб, МухIамад
МугIрул цIумаздаса рорхат роржарал,
Улкаялъе кьурав микьго бахIарчи
Кьили мегIералъул гьогьен чIван гIурал.
ТIолго дунялалъул щуцIул чемпион
Гьанир кьалбал ругев, ГIали ГIалиев
ГIалам кучIдул ахIун рохизаюрай
Муи ХIасанова, йижараб тIалъи.
Дагъистаниязул, яхI, бахIарчилъи
Чанги цебе чIараб Гъуни борхалъи,
НикIолайил чудказ цIа лъун рухIарал
СалтIаги ТIелекьги жеги кIкIуйдул махI.
Вилъа магIарухъе, авлахъалъул вац
ВатIаналъул сангар лъобайин бугеб,
Лъоба бухараб тIехI, Надир-шагьасул
Лъол гIадиназ лъурав Гитлер тIомода.

*ЖабрагIил-хIажи ХАЛИДОВ.*

## Дир гIагараб росу

Дир гIагараб росу,
ТIад Балахьуни
Хьиндаллъи чIухIараб
БахIарзазул ракь.
Огь дуе ккараб щиб,
Дуй лъугьараб щиб,
Дур гIумрудул гьоко
Кибе сверараб?
Дур некIсияб тарих
ЦIехолеб мехалъ,
Дов Мусал ГIадалав
ВачIуна цеве.
Чабхъад рахъунезул
Бодул цевехъан
Дов Чончоласул
Бицен гIемераб.
ЦIоралде рагIарав
Рекъав Ражбадин,
Жакъаги чIухIула
Дудаса росу.
ШишиликI магIарда
ГIурус гъурарав,
Дур МухIамад-Устар
Муршидул Камил.
Гъойсубулиялда
ЦIар тIибитIарав,
Дур гьитIинав Муса
Щола ракIалде.
Шамилил кваранаб
Кверлъун вукIарав,
Лъиего къуличIев
Белехьдерил вас.
Къарахъа ТIагьирил
ТIехь цIалулелъул
Дур цIар кибе араб
Дир наиб Муса?
Дуе цIар кIваричIо,
Дуй рецц бокьичIо,
Лъиего хIеличIо,
БетIер къуличIо.
Дуда хIинкъи лъачIо,
Хиянат лъачIо,
Аллагьасул нухда
Вагъи гурони.
Цо дур къисматалъул
ТIамач бегидал,
ГIешдерил АхIулгохI
БачIуна цебе.
Бидуца белъараб,
Гулбуз басараб,
Бадру, УхIудалъул
ХIал жинде щвараб.
Дир Дагъистаналъул
Хвел гьечIеб тарих,
Хвел гьечIел васазул
Къиса хъвараб гохI.
Дир гIагараб росдал
КIудияв Наиб,
Дур цIар кIоченаро,
Щиб кIочаниги.
Мун дир умумузул
БухIиги, яхIги
ЯхI бугел васаца
ЛъалкI тараб росу.

*Заира НурмухIамадова*
*Балахьуни росу*



# Интересаб вечер



РФялъул Президент В. В. Путиница 2015 сон лъазабун буго «Литератураялъул сонлъун». Гьеб-ги хIисабалде босун литератураялъул бугеб кIвар бихьизабиялъе гIемераб хIалтIи гьабулеб буго Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалъул творческияб Рокъоб. Гьаб соналъул 15 декабралда гьениб тIобитIана литературияб вечер. Вечералда аслияб темалъун букIана «Дагъистаналъул фольклор». Тадбир тIобитIилалде, гьеб гьабизе бугеб зал букIана цебеккунго къачIан, чIван рукIана плакатал, гьабун букIана тIухьдузул букIон ва цогидабги.

Вечер рагьана ва кIалъай гьабуна творческияб Рукъалъул методист ГI. ХIамзатовалъ. Гьелъ жиндирго кIалъаялда бицана хъвадарухъабазул, гьез хъварал асаразул, гьел цIализе ва къимат гьабизе ккеялдаса тIадчIей гьабуна гьелъ. БичIчIизабуна гIадан куцаялъе тIухьдузул бугеб кIвар. Фольклоралда хурхун ахIана цере рукIарал кучIдул, частушкаби. Гьединго хIана сценкаби. Гьез лъималазда бичIчIизабуна къо ккараб бакIалда цоцазе кумек гьабизе ккеялъул, нилъеего бокьулареб чидае гьабизе бегьунгутIиялъул. КIвар кьун бицана эбел-инсул ва чIахIиязул малъа-хъвазул насихIатал гIадахъ росизе ккеялъул. Гьел гIадахъ росун хьвадани мекъи кколаро,-ян бихьизабуна ГIайшатица. Школалъул гIумроялда мекъияб нух тIаса бищизе бегьунгутIиялъулги бицана хадубги гьениб.

КIалъазе рахъана школалъул филолог Раисат ХIамзатова, районалъул Централизованияб библиотекаялъул заведующая ГIайшат ГIабдурахIманова. Гьез лъикIаб къимат кьуна гьабураб тадбиралъе ва лъикIаблъун бихьизабуна хадубккунги гьединал тадбирал тIоритIизе. Бицана нилъер умумазул нахъа тарал нухазул, гIадатазул. Гьел нилъецаги цIунани лъикIаб букIиниланги бихьизабуна гьенибго.

Тадбиралъул ахиралда лъикIаб гIахьаллъи гьабурал лъималазе кьуна ракIалде щвеялъул сай гьатал. Вечер ана пайдаяб куцалда.

*ГI. МУХIАМАДОВА.*

# ХIалхьиялда чIезе бегьуларо

Гьенивго кIалъазе вахъарав хIинкъи гьечIолъиялъул Советалъул секретарь М. БагIачиловасги тIадчIей гьабуна терроризм-экстремизм лъугIизабиялъул суалазда. – Нилъеда цебе РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповас республикаялда бугеб ахIвал-хIал хисизабизе цебе лъун буго. Гьеб ишалъулъ жавабиялллъун рукIине ккола нилъ киналго ва ахIула нуж жигараб хIалтIи гьабизе,-ян лъугIизабуна гьес кIалъай.

Данделъиялда кIалъарав ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна, - гьоркьоб лъураб суалалда хурхун районалда гIезегIанго хIалтIи гьабунин, терроризмалда-экстремизмалда данде гьабулеб хIалтIи цо къоялъгIаги районалда гьоркьоб къотIуларин. – Гьеб рахъалъ гIезегIанго церетIеялги руго. ХIасил кьола киналго цадахъ рекъон гьабулеб хIалтIуца. Амма жеги кинабго рахъ гьоркьобе бачараб хIалтIи нилъер гьечIо. КигIанго хIалтIи гьабулеб бугониги рагIа-ракьанде щвараб хIасилги гьечIо. Хадубккун хIисабалде босизе ккола халкъалъул, бакIалъулаб самоуправлениялъул, жанисел органазул гьеб ишалъулъ лъолеб бутIа загIипаб букIин. Гьел бутIабазда кIвар кьун гIуцIизе ккола хIалтIиги.

ДандчIвай ана цоцада хIакъикъияб рагIиги абун, хадубккун гьабулеб хIалтIуе пайда кьоледухъ.

# ГIалимзабазул мажлис

Нилъер хирияв авараг (с. т. гI. в.) жанив гьавураб рабигIул авал моцIалъул хIурмат гьабун гIалимзабазул мажлис тIобитIана Балахьуни росулъ. БатIи-батIияз росабалъа анцIго гIалимчи вачIун вукIана гьеб данделъиялде. ТIоцеве вагIза-насихIатгун жамагIаталда цеве вахъана мугIрузул районазул бусурбабазе дагIват гьабизе муфтияталъ вихьизавун вугев гIалим ХIасан-хIажи. Гьес кIваркьун бихьизабуна диналъул вацазда гьоркьор лъугьун ругел рикьалаби лъугIизаризе ккolин, киналго цо чи гIадин цолъун, гьудуллъи вацлъиялда рукIине кколилан, аварагас (с. т. гI. в.) нилъеде васият гьабураб къагIидаялде. Гьединго ХIасан-хIажица бицана аварагасул (с. т. гI. в.) букIараб берцинаб тIабигIат-гIамалалъул, гьесул гIумроялда ккарал цо-цо лъугьа-бахъиназул. ГьединабгомагIнаялъул вагIзаби гьаруна ШамильхъалаялдасаХIабибхIажица, районалда вугев дагIватчи Унсоколоса ГIабдурахIман-хIажица, Майданскиялдаса ГIумар-хIажица, МухIамадрасул-хIажица, районалъул гIалимзабазул Советалъул пред. Уллубий-хIажица, районалъул имам ГъазимухIамад-хIажица ва цогидазги. Росдал жамагIаталъул рахъалдасан лъикIаб вагIза-хабаралъухъ гIалимзабазе баркала кьуна Балахьуни росдал мажгиталъул имам Мусалав-хIажица.

*МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ.*

# Объявления

Уважаемые жильцы многоквартирных домов!

Фонд капитального ремонта многоквартирных домов обращается к вам с настоятельной просьбой своевременно вносить плату на капитальный ремонт общего имущества вашего дома. Фонд (региональный оператор) совершено не заинтересован принудительно через суд, как это предусмотрено статьей 155 ЖК РФ, взыскивать с вас задолженность на капремонт. Мы содержимся за счет республиканского бюджета РД. Но Фонд обязан это сделать. Не слушайте болтунов, призывающих вас не платить. С учетом пени, судебных издержек, затрат судебных исполнителей это вам обойдется в среднем в два раза дороже, чем ежемесячно вносить плату в отделениях Сбербанка, почтовой связи. С января 2016 года размер пени за задолженность увеличен в 2 раза.

Одновременно доводим до вас, что при начислении льгот, субсидий малоимущим семьям на оплату жилищно-коммунальных услуг органы соцзащиты, службы субсидий обязаны учитывать вашу плату на капремонт. Просим Администрацию муниципального образования постоянно контролировать это.

Вам необязательно ждать 25 лет, как говорят некие «адвокаты-пиарщики», чтобы провести капремонт. Вы имеете право по своей инициативе проводить его в любой год; только денег для этого



надо накопить и документы подготовить (ст. 189 ЖК РФ).

*Дагестанский фонд капитального ремонта МКД*

* * *

Управление социальной защиты населения в МО «Унцукульский район» информирует граждан района – получателей социальных выплат и государственных пособий на детей о том, что за 2015 год в связи недофинансированием из соответствующих источников финансирования, образовалась задолженность по следующим социальным выплатам:

**Ежемесячное пособие на ребенка (детей) до 16 (18) лет:**
период неоплаты – с 01.10. 2015 г. по 31.12.2015 г. (сумма неоплаты – 2 млн. 37 тыс. 350 руб.)

единовременное пособие при рождении ребенка период неоплаты:
период неоплаты – декабрь 2015 г. (сумма неоплаты – 289 тыс. руб.).

**Ежемесячные денежные выплаты по оплате жилого помещения и коммунальных услуг:**
Пед. работникам – 9 млн. 775 тыс. руб.
Мед. работники – 2 млн. 727 тыс. руб.
Культ. работники - 591 тыс. 396 руб.
Ветврачи – 170 тыс. 507 руб.
Соц. работники – 474 тыс. 954 руб.
Многодетные семьи – 513 тыс. 516 руб.
Многодетные семьи (твердое топливо) – 660 тыс. 323 руб.
Ветераны труда – 248 тыс - . 748 руб.
Ветераны труда (твердое топливо) – 390 тыс. 211 руб.
Реабилитированные лица – 1 тыс. 132 руб.
Реабилитированные лица (твердое топливо) – 2 тыс. 251 руб.
**Общая сумма задолженности по всем выплатам – 14 млн. 831 тыс. 403 руб.**

Задолженность будет погашена по мере поступления денежных средств.

Одновременно напоминаем, что все вышеперечисленные выплаты являются расходными обязательствами государства и будут профинансированы в полном объеме.


| | | | |
|---|---|---|---|
| Газета основана 1937 г.<br>УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района<br>Главный редактор<br>Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД<br>Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.<br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции:<br>51373<br>Унцукульский район<br>с. Унцукуль<br>ул. Мустафаева 28<br>Телефон редактора<br>55-63-07<br>sadovoduns@yandex.ru | Адрес издателя:<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать 31. 12. 15 г. 16,15<br>фактически -17.30 мин.<br>........................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 1500 экз. |